# ÁDEBIYAT – KÁMILLIKKE BASLAWSHI JOL

**Abdullaeva Ziyada**
Qońırat rayonı politexnikumı Qaraqalpaq tili hám ádebiyatı oqıtıwshısı.
https://doi.org/10.5281/zenodo.17522854

***Annotasiya.*** *Bul maqalada, Ádebiyattin insan ómirindegi áhmiyeti oniň tutqan ornı haqqinda sóz etiledi. Biz tuwilğanimizdan baslap ádebiyat penen ósemiz kamalğa jetemiz sonlıqtanda ómirimizde ádebiyattın tutqan ornı bólek. Buğan mısal tuwilğanımızda anamız bizge háyyiw aytıb uyqilatadi.*

***Gilt sózi:*** *Ádebiyat, Insan, Alım, Dana, Miyras.*

## LITERATURE IS THE PATH TO PERFECTION.

***Abstract*** *This article talks about the importance of literature in human life. From the time we are born, we are surrounded by literature, and the place of literature in our life is different.*

***Key word:*** *Literature, Man, Science, Wisdom, Heritage*

## ЛИТЕРАТУРА – ЭТО ПУТЬ К СОВЕРШЕНСТВУ.

***Аннотация.*** *В этой статье говорится о важности литературы в жизни человека. С самого рождения мы окружены литературой, и её место в нашей жизни различно.*

***Ключовое слово:*** *Литература, Человек, Наука, Мудрость, Наследие.*

Ádebiyat insan payda bolǵalı berli oǵan joldas bolıp kelmekte. Adamzat óziniń quwanıshlı kúninde de ádebiyatqa múrájáát etedi, qayǵılı kúninde de ádebiyatqa dártin aytıp, muńın shaǵadı.

Dúnya táshwishlerinen biyǵam náreste ana háyyiwi menen ósedi, dúnya tanıydı. Insandı eń sońǵı jolǵa da muń-sher tolı joqlaw menen shıǵarıp saladı. Óytkeni, adam sózdiń qúdiretli kúshine isengen. Insannıń kewil keshirmelerin sóz benen ónerleytuǵın ádebiyat adamzat penen zamanlas bolıp, hárqashan xalıqqa óz sózin ayta alǵanda, tıńlata alǵanda. Buǵan áyyemgi ata-babamızda estelik Orxon-Enesey qulpı taslarınan baslap, sol qobızdı túsinde kórgen Qorqıt ata, ǵázzel múlkiniń sultanı bolǵan Nawayı, jelmaya minip eldi aralap qayǵı menen qosıq jazǵan Asan qayǵı, qobızı menen qayǵılı nama shalıp xalqınıń dártine sherik bolǵan Jiyen jıraw, tar zamandı keń kewline sıydırıp jasaǵan Kúnxoja, Ájiniyaz, Berdaq shayırlar, zamanımızdıń qos bayteregi bolǵan Ibrayım Yusupov, Tólepbergen Qayıpbergenovlardıń biybaha miyrasları gúwa bolsa táájip emes.

"Ádebiyat atomnan kúshli, biraq onıń kúshin otın jarıwǵa sarplamaw kerek" degen edi danıshpan jazıwshımız Abdulla Qahhar. Solay eken, ádebiyatta pútkil adamzattıń túǵdirin sheshe alatuǵınday, kerek bolsa kóklerge kóteretuǵın yáki kókten alıp jarǵa taslaytuǵın kúsh bar.

Demek, ádebiyattan biz úyrenetuǵın sabaqlar bir ómirge jetiwi sózsiz. Alımlar ádebiyatqa "janlı qubılıs" dep táriyp beredi. Insan ómirın jasın jasap, qaza boladı. Tariyxıy buyımlar waqıt ótiwi menen tozadı, joq boladı. Ullı tariyxıy imaratlarǵa da waqıt óz húkimin ótkizip, jer betinen alıp taslaydı.

Hátteki, pútin bir mámleket te zaman qıyan-keskileri menen tariyxtan óship ketiwi múmkin. Biraq bir qubılısqa waqıttıń kúshi jetpeydi. Bul – ádebiyat. Ádebiyat zamanlar boylap óziniń qımbat bahalı júgin áwladtan-áwladqa tasıp júrgen aqıl kemesine usaydı.

Bul qúdiretli kúshtin insan tárbiyasındağı ornı haqqında bas qatırıw, bul joldağı mashqalalardı óz waqtında sheship barıw álleqashan eń áhmiyetli máselelerdiń birine aylanıp bolğan.

Endi ádebiyattıń jaslar tárbiyasındağı roli haqqında sóz etiwden aldın búgingi jaslarımız, olar erisip atırğan tabıslarğa toqtap ótpekshimen. Búgingi kúnde jaslar tárbiyası mámleket siyasatınıń bas máselesine aylanğan desek qátelespeymiz. Dúnyada biziń mámleketimiz kibi jaslarğa ayrıqsha itibar qaratıp, olardıń “kúshli, bilimli, dana hám álbette baxıtlı bolıp jasawı” ushın jan kúydiretuğın mámleket onsha kóp bolmasa kerek. Bizdegi bul úlken itibar sebepli qábiletli jaslarımız xalqımız isenimine ılayıq juwap qaytarmaqta. Sport olimpiadalarındağı qosqos medallar, pán olimpiadalarındağı tabıslar arqalı mámleketimiz jetekshi mámleketler qatarına qosılıp, júzimiz hámiyshe jarqın bolıp kelmekte. Bul tabıslar ózimizdiki. Usınday jaslardıń qatarın kóbeytiw, olardı ruwxıy jetik hám kámil insan etip tárbiyalaw búgingi ádil siyasatımızdıń aktual máselesine aylanğan desek qátelespeymiz. Jaslar tárbiyasında ádebiyattıń ornı ayırıqsha. “Itibar bergensiz be joq pa bilmedim, siziń sadıq dostıńız bar. Qashan qáleseńiz ol sizge sáwbetles boladı. Shadlığıńızğa shadlıq qosadı, qıynalsańız birge qıynaladı. Bilmegenińizdi úyretedi. Adassańız jol kórsetedi. Jaqınlarıńız taslap ketse de ol siz benen qaladı. Xızmetine ılayıq dáme etpeydi. Jıllar dawamında umıtıp ketseńiz de sizden ókpelemeydi. Shaqırsańız jetip kelip, sizge jáne xızmet ete beredi. Bul sadıq dostıń atı – kitap” (Ótkir Hoshimovtan). Demek, biz eń sadıq dos-kitaptıń insan ómirindegi ornı haqqında sóz etemiz. Kitap – ádebiyattıń ekinshi atı. Ullı hám danıshpan xalqımızdıń bay milliy ádebiy miyrası bar. Awızeki hám jazba dóretilgen shığarmalarımızdıń bahası hesh nárse menen ólshenbeydi. Ásirlerden saza beriwshi folklorımızdan baslap búgingi dáwirdiń hawazı bolğan jazba ádebiyattağı kórkem dóretpeler xalqımızdıń qanshelli ullı hám danıshpanlığınan derek beredi. Mine usınday ádebiyattıń miyrasxorları bolğan búgingi jaslardıń kitapqa bolğan itibarı qansha? Ne ushın jaslar kitap oqımay qoydı? Ne ushın jaslarımız kitaptı telefonğa almastırdı, kompyuterge, internetke almastırdı? Ne ushın qanday kitap oqıdıń yáki oqıp atırsań degen sorawğa juwap taba almaydı? Ne ushın jaslar kitaptay sadıq dostan júz burıp, jeńil hám ótkinshi informaciyalarğa ósh bolıp barmaqta? Ne ushın “Qaraqalpaq folklorı”nday 100 tomlıq miyrasqa iye xalıqtıń jasları kitaptıń qádirin umıtıp qoydı? Ne ushın Berdaq, Ájiniyaz kibi klassiklerdiń búgingi áwladı ádebiyattıń aldında tım-tırıs turıptı? Sorawlar sheksiz hám juwapsızday kórinedi... Danıshpan jazıwshı Ótkir Hoshimovtıń jáne mınaday sózi bar: “Tariyx tákirarlanıp turadı, degen gáp bar. Adamzat áyyemgi qáwimge qaytıwı múmkin. Bunıń dáslepki belgileri házirden-aq kórinip atır: kitap oqıytuğınlar azayıp baratır”. Bul erteńgi kúnimizdi, keleshekti qayğırıp qağılğan “qońıraw” emespeken?... Tárbiya -ómirlik qubılıs. Ol insan ómiriniń aqırına shekem dawam etedi. Bul psixologiyada bar gáp. Demek insanda tárbiyashı kóp. Shańaraq, ata-ana, ortalıq, ustazlar, doslar hám tağı basqa. Men sonıń qasına kitaptı da qosıp ótpekshimen. Kitap - eń sadıq hám ómirlik tárbiyashı. “Kitap oqıwdan toqtağan adam pikirlewden de toqtaydı” deydi Deni Didro. Jaslardı kitap oqıwğa qalay qızıqtıramız, altın, gáwharlar jasırınğan kewil ğáziynesiniń sarayına qalay alıp baramız? Jaslardı telefon, kompyuter atlı temir texnikadan qalay ajıratıp, qálbine nur quyıwshı kitaptay ádiwli dos penen qalay júzlestiremiz? Jáne sorawlar sheksiz hám juwapsızday kórinedi... Bul sorawlardıń juwabın kimnen soraymız?

Meninshe, bulardıń barlığınıń juwabı bar. Insan shańaraqta tuwıladı, kámal tabadı.

Demek, eń dáslep ata-ana juwapker. Biz perzentimizdiń tamaǵın toydırıp, jaqsı kiyimler áperip, sırtqı dúnyasın hámmeden artıq qılıp qoyıwımız múmkin, biraq onıń ishki dúnyası, ruwxıy kámalatı haqqında qashan oylaymız, oylawǵa qashan waqıt tabamız. Perzentine jaqsı bir telefondı áperip, qatarı menen teń qıldım dep quwanǵan ata-ana, telefonnıń ornınan kitap áperse qatarı menen teńlesip emes, hátteki qatarınan ozıp ketetuǵınlıǵın qashan túsinip jeter eken?...

Kompyuter atlı "temir" aldında kóziniń nurın hám biybaha waqtın arzan bahalap otırǵan perzentiniń erteńgi kúni ruwxıy dúnyası, sana-seziminiń ázziligi sebep jalǵan hám jat ideyalar jetegine erip, buzǵınshı ideyalardıń qurbanı bolıp ketiwine alıp keletuǵınlıǵın qashan oylap kórer eken?... Perzentimizge hár sapar dápter, qálem, ruchka ápergen waqıtta, nege bir kitap, hesh bolmaǵanda bir kitap qosıp satıp almaymız?... "Bul ustazdıń, muǵallimniń jumısı",- deydi geybir ata-ana. Ol sózsiz qátelesedi.

Sebebi, "Ata-ana perzentine úlgiden artıq jaqsı miyras qaldıra almaydı" deydi Hádisi Sháripte. Demek, birinshi gezekte ata-ana tárbiyalı, úlgili, ruwxıy dúnyamız nár alatuǵın bulaq bolǵan ádebiyatqa mehir qoyıwı kerek. Ata-ananıń ózi kitap oqıwı kerek. Baladaǵı kitapqa bolǵan mehirdi eń dáslep ataana oyatıwı kerek. Men jaslarımızdıń ruwxıy tárbiyası, jetik kámalatı ushın endigi juwapker milliy ádebiyatımızdıń wákilleri bolǵan jazıwshı hám shayırlar dep esaplayman.

Álleqashan atı danıshpanǵa aylanǵan filosof jazıwshı Tólepbergen Qayıpbergenov ádebiyat wákillerin "nur taratıwshılar" dep ataydı. Bul qanday nur? Bul-xalıqtı aydın keleshekke baslaytuǵın nur. Bul - oqıwshı menen jazıwshı jolın jaqtırtıp olardı ushırastıratuǵın nur. Bul - insan qálbine jol tabatuǵın nur. Bul - adasqanǵa jol tawıp beriwshi nur. Insandı iygilikli islerge baslaytuǵın jaqsılıq nurı. Insan hámiyshe nurǵa umtılıp jasaydı. Quyash óz nurı menen tábiyattı oyatadı, jer astındaǵı tuqımǵa jan beredi, tuqım jer betin jarıp shıǵıp kókke umtıladı. Jazıwshı-shayır insan qálbine jaqsılıq tuqımın egip, onıń kókke boy sozıp, ruwxıy jetiklikke umtılıwına tiykar jaratadı. XXI ásir baslanǵanda "Texnika hám texnologiya" ásiri dep jar salǵan edik. Mine, sherek ásir ótip texnika jańarıp barmaqta, insan qálbi hámiyshe ruwxıy kámillikke mútáj ekenligi kózge taslanbaqta. Sonlıqtan da men endi bul ásirdi "Ideyalar hám ideologiyalar ásiri" degim keledi. Mazmunına kóre buzıwshı hám jaratıwshı bolǵan bul ideya hám ideologiyalar búgingi kúnde bir mámleketti keleshekke qaray alǵa baslasa, bir mámleketti wayran etip, jer betinen alıp taslamaqta. Men búgingi kún jazıwshı-shayırlarınan jaslarımızdı kórkem ádebiyatqa – kitapqa qaytaratuǵın kúsh sorar edim. Olardı kompyuterlerge úńilip emes, kitap oqıp, onıń qaharmanları menen qosılıp quwanıp, yáki qosılıp qayǵırıp, olardan ózlerine alǵan juwmaqları haqqında bas qatırıp otırsa eken deymen... Olar temir texnika aldında álleqanday ótkinshi oyın hám filmlerge berilip waqıt ótkergennen, kitap penen sırlasıp, dártlesip otırsa eken deymen... Solay eken, atomday qúdiretli kúshke iye bolǵan ádebiyattıń aldında kámil insan tárbiyasınday ádiwli wazıypa tur. Buzıwshı ideyalardan saqlanıp, xalqına, Watanına, ata-anasına sadıq perzentlerdi tárbiyalawda ádebiyattıń hám onıń dóretiwshileri bolǵan jazıwshı-shayırlardıń ornı ayrıqsha.

Demek, bizge milliy tariyxımız haqıyqatlıǵın, búgingi kúnimizdiń jetiskenlikleri hám mashqalaların sóz etetuǵın zamanımız qaharmanların tariyx betine jazatuǵın, jaslarımızdıń arzıw-ármanların, umtılısların súwretleytuǵın tariyxımızdıń ruwxıy tamırınan nár alǵan dóretpeler kerek.

Berdaq, Ájiniyaz babalarımız ruwxı aldında hújdanı pák jazıwshı-shayırlar kerek.

Danıshpan filosof jazıwshı Tólepbergen Qayıpbergenovta jáne bir sóz bar: "Ádebiyattan ózińe jol izlew kóp adamnıń qolınan keledi. Al tánha ózińnen ádebiyat izlew hámmeniń qolınan kelmeydi". Men bul ullı danıshpanlar miyman bolıp ketken ádebiyat atlı otawda óz ornın tapqan búgingi kúnimizdiń záberdes shayır hám jazıwshıları álleqashan ózinen ádebiyat izlep tawıp, insan qálbine jaqsılıq quyatuǵın "nur"ǵa aylanǵanına isengim keledi. Sebebi ullı jazıwshı Abdulhamid Sholpan aytqanınday, "Ádebiyat jasasa – millet jasaydı".